

Preparasyon Pou Bèt Domestik ou yo Fè Sans. Prepare ou Kounye a.



Si ou se tankou plizyè milyon moun ki genyen bèt domestik atravè peyi a, bèt domestik ou se yon manm enpòtan nan kay la. Chans ke ou menm ak bèt ou yo pral siviv yon ijans tankou dife oubyen inondasyon, tònad oubyen atak teworis pral depann anpil sou planifikasyon pou ijans ou fè jodiya. Kèk bagay ou kapab fè pou prepare pou yon bagay ou pat atann, tankou prepare yon twous ak atik pou bèt avèk devlope yon sistèm kamarad pou swen bèt, se menm bagay la pou nenpòt ijans. Kit ou deside pou rete an plas pandan yon ijans oubyen evakye yon kote ki genyen plis sekirite, ou pral bezwen fè plan davans pou bèt domestik ou yo. Sonje ke tipikman sa ki pi bon pou ou a se sa kap pi bon pou fèt ou yo tou.

Si ou oblije evakye, pran bèt domestik ou yo avèk ou si sa posib. Sepandan, si ou pral nan yonabri piblik, li enpòtan pou ou konprann ke yo gen dwa pap kite bèt antre. Planifye davans pouabri altènatif ki pral mache ni pou ou ni pou bèt domestik ou yo.

Fè yon plan sekou an ka ke ou pap ka pran swen bèt ou yo poukont ou. Devlope yon sistèm kamarad avèk vwazyen, zanmi ak fanmi pou asire ke yon moun ap disponib pou pran swen oubyen evakye bèt domestik ou yo si ou pap kapab. Prepare ou pou enpwovize ak itilize sa ou genyen nan men ou pou ou debouye ou poukont ou pandan omwen twa jou, petèt plis.

Preparasyon sa ou pat atann yo fè sans.
Prepare ou Kounye a.



Enfòmasyon sa a te devlope pa US Department of Homeland Security avèk konsiltasyon: American Kennel Club, The American Society for the Prevention of Cruelty to Animals, American Veterinary Medical Association, and The Humane Society of the U.S.



AMERICAN
KENNEL CLUBSM

ASPCA[®]

THE AMERICAN SOCIETY FOR THE PREVENTION OF CRUELTY TO ANIMALS



THE HUMANE SOCIETY
OF THE UNITED STATES[®]

Ready

Prepare. Plan. Stay Informed.®



FEMA

Ready

Prepare. Plan. Stay Informed.®



**Li Fè Sans Pou
Prepare Bèt
Domestik ou
Pou Ijans.
Prepare ou
Kounye a.**



FEMA

www.ready.gov

1 Prepare you

Twous ak Atik Pou Bèt Domestik.

Menm jan ou fè youn twous ak atik ijans pou fanmi ou an, panse dabò a bagay ki fondamantal pou siviv yo, sitou manje ak dlo. Konsidere de twous. Nan youn, mete tout sa ou menm ak bèt domestik ou yo pral bezwen pou rete kote ou ye a. Lòt la dwe youn vèsyon ki lejè, pi piti ke ou kapab pote nan men ou si ou menm ak bèt domestik ou yo pral bezwen pati. An plis, se pou ou revize twous la regilyèman pou rasire ke sa ki ladan yo, sitou manje ak medikaman yo, fre.

Manje. Rezève manje k ap ase pou omwen twa jou nan youn veso ki sere epi dlo pap ka antre ladan li.

Dlo. Mete dlo k ap ase pou omwen twa jou nan rezèv spesyalman pou bèt ou yo an plis de dlo ou bezwen pou tèt ou ak fanmi ou.

Medikaman ak dosye medikal. Kenbe medikaman an plis ke bèt domestik ou yo pran regilyèman nan youn bagay dlo pap ka antre ladan li.

Twous premye sekou. Pale ak doktè bèt ou sou sa ki ap pi apwopriye pou bezwen medikal ijan bèt domestik ou. Pifw twous dwe genyen woulo pansman an koton, pansman adezif ak sizo; krèm antibyotik; bagay pou anpeche mouch ak tik; gan an latèks, alkòl isopropilik ak solisyon sèl. Mete youn liv referans premye sekou sou bèt domestik.

Kolye ak etikèt ki genyen idantite oubyen youn kòd pou mare bèt la. Bèt domestik ou dwe mete youn kolye avèk etikèt laraj li ak idantifikasyon li tout tan. Mete youn kòd, kolye ak etikèt ki genyen idantite bèt domestik ou a nan twous atik ijans la. An plis, mete kopi enfòmasyon anrejistremant, papye adopsyon dokiman vaksinasyon ak dosye medikal bèt domestik ou a nan youn sachè plastik oubyen youn bagay dlo pap ka antre ladan li ki pwòp epi mete youn anndan twous la tou. Epi tou ou dwe konsidere pale ak doktè bèt ou sou idantifikasyon pèmanan tankou mikwochip, ak enskri bèt domestik ou a nan youn baz de done pou rekiperasyon.

Kaj oubyen lòt bagay pou pote bèt domestik. Si ou bezwen evakye pandan youn sityasyon ijan mennen bèt domestik ak lòt bèt ou yo avèk ou depi li pratik pou fè sa a. Nan plizyè ka, ou pral genyen plis kapasite pou fè sa a lè ou genyen youn kaj oubyen bagay pre pou transpòte bèt ou a ki solid, an sekirite ak konfòtab. Bagay w ap pote li a dwe gwo ase pou bèt ou a kapab kanpe, vire, oubyen kouche.

Swen Ijèn. Mete materyèl pou absòbe pipi ak pou pou bèt ak bwat ki apwopriye, jounal, papye twalèt, sak poubèl ak klòwòks pou kay pou bezwen ijèn bèt ou a. Ou kapab itilize klòwòks tankou youn dezenfektan (dilye nèf pati dlo ak youn pati klòwòks), oubyen pandan youn ijans ou kapab itilize li tou pou pirifye dlo. Itilize 16 gout likid klòwòks pou kay regilye pa galon dlo. Pa itilize klòwòks ki pafime oubyen pwoteje koulè, oubyen sa yo ajoute savon ladan yo.



Yon foto ou menm ak bèt ou ansanm. Si ou vin separe de bèt ou pandan youn ijans, youn foto ou menm ansanm ak bèt ou pral ede ou demontre ou se mèl li epi li pral pèmèt lòt moun ede ou idantifye bèt ou. Mete enfòmasyon sou espès, ras, laj koulè ak karakteristik ki distenge li.

Bagay ki fanmiye. Mete jwèt, ti bagay spesyal oubyen dra nan twous ou a. Bagay ki fanmiye kapab ede redwi strès pou bèt ou a.

2 Planifye

Sa Ou Pral Fè Pandan Youn Ijans.

Prepare ou pou evalye sityasyon a. Itilize nenpòt sa ou genyen nan men ou pou pran swen tèt ou ak asire pwoteksyon bèt domestik ou pandan youn ijans. Selon sikontans ou ak nati ijans la premye desizyon enpòtan an se si ou rete an plas oubyen pati. Ou dwe konprann ak planifye tou de posibilite yo. Itilize bon sans ou ak enfòmasyon w ap aprann yo la pou detèmine si genyen gwo danje. Pandan nenpòt ijans, otorite lokal yo gen dwa kapab oubyen pa kapab bay enfòmasyon tou swit sou sa k ap pase a ak sa ou dwe fè. Sepandan, gade televizyon, koute radyo oubyen tcheke sou Entènèt pou enstriksyon. Si yo di ou spesifikman pou ou evakye, pranabri-an-plas oubyen chèche tretman medikal, fè sa imedyatman.

Kreye youn plan pou pati. Planifye davans kijan ou pral rasanble bèt domestik ou yo ak antisipe kote nou prale. Si ou oblije evakye, pran bèt domestik ou yo avèk ou si sa posib. Si ou ale nan younabri piblik, pa bliye ke yo gendwa pa kite yo antre. Rezève youn kote ki apwopriye pou youn rete selon kantite ak tip bèt ou ap bay swen yo. Konsidere fanmi oubyen zanmi ki ap vle resewva ou menm ak bèt domestik ou yo pandan youn ijans. Lòt opsyon kapab genyen nan youn otèl oubyen motèl ki aksepte bèt domestik oubyen youn pansyon, tankou youn kay oubyen lopital pou bèt domestik ki tou pre youn etablisman evakyasyon oubyen kote pou fanmi ou rankontre a. Chèche konnen avan genyen youn ijans si nenpòt nan etablisman sa yo nan zòn ou a kapab youn opsyon reyalizab pou ou menm ak bèt domestik ou yo.

Devlope youn sistèm kamarad. Planifye ak wazan, zanmi oubyen fanmi pou asire ke youn moun ap disponib pou pran swen oubyen evakye bèt domestik ou yo si ou pap kapab. Pale ak kamarad pou swen bèt domestik ou an sou plan evakyasyon ou yo epi montre youn kote ou kenbe twous atik pou ijans bèt ou a. Epi tou chwazi kote an patikilye, youn nan katye ou abite a ak youn ki pi lwen, kote nou pral rankontre pandan youn ijans.

Pale ak doktè bèt domestik ou a sou planifikasyon ijans.

Diskite kalite bagay ou dwe mete nan twous premye sekou ijans bèt domestik ou a. Chèche non doktè oubyen lopital pou bèt nan lòt vil ou kapab bezwen chècheabri tanporè a. Epi tou ou dwe konsidere pale ak doktè bèt ou sou idantifikasyon pèmanan tankou mikwochip, ak enskri bèt domestik ou a nan youn baz de done pou rekiperasyon. Si bèt domestik ou a genyen mikwochip anndan li, kenbe enfòmasyon kontak yo ajou epi ak nan youn lis ki genyen youn baz de done ou ka fè konfyans, se youn bagay ki esansyèl pou ede ou reyini ak bèt domestik ou.



Sanble enfòmasyon kontak pou tretman ijan pou bèt.

Fè youn lis enfòmasyon kontak ak adrès ajans kontwòl bèt nan zòn ou an tankou Humane Society oubyen ASPCA, ak lopital ijan pou bèt. Kenbe youn kopi nimewo telefòn sa yo avèk ou ak youn nan twous atik ijans bèt ou a. Chèche twouve viyèt "Pets Inside" (Bèt Anndan) epi kole youn pòt oubyen fenèt ou, ak enfòmasyon sou kantite ak kalite bèt ou genyen lakay ou pou avèti ponpye ak travayè sekou yo. Konsidere mete youn nimewo telefòn sou viyèt la pou youn ka kontakte ou pandan youn ijans. Epi, si tan pèmèt, sonje ekri "Evacuated with pets" (Evakye ak Bèt yo) atravè viyèt yo, si ou ta pati ak bèt ou yo.

3 Rete Enfòmasyon

Konnen Sou Kalite Ijans Ki Genyen Youn

Kèk bagay ou kapab fè pou prepare pou youn bagay ou pat atann, tankou prepare youn twous ak atik ijans pou tèt ou, fanmi ou ak bèt domestik ou yo, se menm nan san gade sou kalite ijans la. Sepandan, li enpòtan pou ou rete enfòmasyon sou sa ki kapab pase ak konnen kalite ijans ki genyen chans afekte reyjon ou an ak plan ijans ke eta ou ak gouvènman lokal ou gentan etabli deja. Pou plis enfòmasyon sou jan pou prepare, vizite www.ready.gov oubyen rele 1-800-BE-READY.

Prepare ou pou adapte enfòmasyon sa yo a sikontans pèsònèl ou epi fè tout efò pou swiv enstriksyon ou yo resewva nan men otorite yo sou plas. Avèk preparasyon senp sa yo, ou kapab pare pou sa ou pa atann. Moun ki pran tan pou prepare tèt yo ak bèt domestik yo pral genyen plis chans fè fas a mwens difikilite, strès ak enkyetid. Pran tan kounye a pou prepare tèt ou ak bèt ou.

Preparasyon Pou Bèt Domestik ou yo Fè Sans.
Prepare ou Kounye a.